

Gen Politès ak Diskriminasyon nan Lojman.

“Mwen regrèt anpil, men....

- Apatman an deja gen yon depozit sou li”
- Pwopriyete a te retire kay la sou mache a”
- Yon lòt koutye deja lwe apatman an epi li pa te di mwen sa.”
- Nou pa pèmèt timoun nan dezyèm etaj la”
- Se pa mwen ki pran desizyon yo. Jis ranpli aplikasyon an epi n ap fè ou konnen.”

..... Men li **Illegal!**

Lwa Federal sou **Lojman Ekitab (Fair Housing Act)** entèdi diskriminasyon nan lojman poutèt:

- Ras oswa Koulè
- Sèks
- Peyi kote moun soti
- Andikap
- Relijyon
- Sitiyasyon Familyal

Epi tou, Lwa Konsènan Dwa Moun **Eta New York (New York State Human Rights Law)** entèdi diskriminasyon ki baze sou:


- Eta sivil
- Kwayans
- Oryantasyon seksyèl
- Laj (18 ak plis)
- Idantite Seksyèl
- Estati Militè
- Ekspresyon Seksyèl
- Sous Revni

(Sous revni gen ladan asistans piblik, Seksyon 8, SSD, SSI ak sipò timoun selon lòd tribinal.)

Epi tou **Konte Suffolk** entèdi diskriminasyon ki baze sou:

- Estati Veteran
- Estati on Viktim Vyolans Domestik
- Idantite Gwoup

(Idantite Gwoup gen ladan laj ou genyen oswa laj ou sanble, etranje oswa sitwayènte, sèks, oryantasyon seksyèl, oswa estati militè.)



LONG ISLAND HOUSING SERVICES, INC.

640 Johnson Avenue, Suite 8
Bohemia, NY 11716

631-567-5111

LIFairHousing.org/li50fha



Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development) Pwogram Inisyativ Lojman Ekitab (Fair Housing Initiative Program) la bay sibvansyon pou travay pledwari Lojman san Patipri nou an.

Mizajou avril 2019.

Long Island celebrates the



50th Anniversary of the Fair Housing Act

Entwodiksyon nan Lojman Ekitab

Misyon **Long Island Housing Services, Inc.** se elimine diskriminasyon ilegal nan lojman ak pwomouvwa lojman ki desan ak abòdab grasa pledwari ak edikasyon.

LIHS se yon ajans lojman 501 (c) (3) ki pa la pou fè pwofi k ap pwoteje dwa sivil Long Island yo depi 1969.

Kalite Diskriminasyon

- **Bay manti sou disponibilite lojman:** Yon pwopriyete oswa ajan imobilye di ou lojman an pa disponib, lè an reyalyite yo pa te lwe oswa vann li.
- **Refize lwe oswa vann:** Yon pwopriyete oswa yon pwofesyonèl byen imobilye refize lwe oswa vann pou ou paske ou se yon manm nan youn nan gwoup ki pwoteje ki nan lis nan tiliv sa a.
- **Diskriminasyon nan kondisyon yo:** Yo ba ou kondisyon ki diferan ak règ yo bay lòt moun paske ou se yon manm nan youn nan gwoup ki pwoteje ki nan tiliv sa a. 
- **Diskriminasyon nan Piblisite:** Nenpòt deklarasyon ekri nan yon jounal oswa nan yon deklarasyon oral ki endike preferans oswa limit pou sèten moun. Sa a gen ladan nenpòt anons oswa tiliv pwopriyete a te kreye.
- **Sèvi ak menas, entimidasyon oswa presyon:** Yon moun eseye anpeche w lwe oswa achte yon kay nan yon katye kote li sijere ou pa pral an sekirite oswa vwazen yo ka pa vle ou vin viv la.

Kontakte Nou!

631-567-5111 ekstansyon 375

Info@LIFairHousing.org

Prè Ekitab

Li ilegal pou yon moun k ap ofri yon ipotèk fè diskriminasyon sou baz nenpòt klas pwoteje, oswa pou fè diskriminasyon kont yon moun k ap egzèse dwa li anba lwa pwoteksyon konsomatè yo.



Pretè yo dwe:

- Dakò pou ba ou yon aplikasyon ak lòt enfòmasyon ou bezwen konnen sou fason pou aplike pou yon prè.
- Dakò pou pale ak ou sou divès kalite prè ipotèk yo ofri epi ba w yon ide pou w konnen si w t ap kalifye pou yo.
- Aji avèk dilijans pou pran yon desizyon - san twòp reta — apre ou bay tout enfòmasyon ak pape obligatwa yo (pa egzanzp, prèv revni ak byen).
- Pa enflyanse ak kantite moun yon ras oswa orijin espesifik katye kote kay la ye a.

Si ou aplike pou yon prè ipotèk epi yo refize ou, sonje se pa tout enstitisyon ki gen menm estanda pou prete. Chèche toujou pou yon lòt kredi. Men, si fason yo te trete ou a sijere yo kapab te fè diskriminasyon ilegal...

**Rele LIHS: 631-567-5111
ekstansyon 375**

LIFairHousing.org/li50fha

Long Island Housing Services Ofri:

Pledwari ak Aplikasyon Lojman Ekitab

- Investigasyon
sou
Diskriminasyon
- Konsèy
- Fòmasyon



Konsèy Lokasyon

- Dwa
- Sekirite
- Degèpisman
- Abitabilite



Konsèy Ipotèk

- Opsyon ipotèk
- Avan/Apre Acha
- Reta
- Anpeche yo
sezi kay



Se habla Española. Pou lòt lang, Long Island Housing Services itilize Language Line. Nou fè efò pou fè pwogram ak sèvis nou yo aksesib pou moun ki gen pwoblèm pou wè, tande, konprann ak deplase.

“Pi bon sosyete a se youn ki aksepte tout moun tout ras, tout kilti, ak tout nivo ekonomik alawonnbadè.”

- Direktris Egzekitif Emeritis LIHS
Michelle Santantonio